

23 Me, 2017

Chè Kominote lekòl Boston Latin Academy a:

Kòm ou konnen, Direktè Boston Latin Academy a, Troy Henninger, te prezante nou avèk demisyon l. Aprè plizyè ane travay ekselan, pandan l t ap bati yon kominote direksyon pataje ak sipò tout ekip anseyan lekòl BLA a, Direktè Henninger deklare ke aprè anpil konsiderasyon l te fè avèk swen, li deside pou l demisyon pou rezon pèsònèl.

Troy dekri deplasman sa a kòm yon poz nan karyè distinge sa a l genyen an, olye de yon retrèt. Nan lèt demisyon l la, li te ekri ban mwenn an, li di, “Donk m ap pran yon poz nan ventwit ane mwenn yo nan edikasyon piblik, kote m te fè fas avèk anpil defi mayifik, pou m ka pran tan pou m reflekte sou sa m te aprann pandan karyè mwenn, pou m ekri kèk ti istwa sou eksperyans mwenn yo, pou m bay konsiltasyon lè tan an pèmèt mwenn fè sa a, e byensi, fè rechèch pou m ka gen yon pèspektiv inovatif pou m ka konnen nan ki kafou edikasyon, kontantman, ak sosyete sivil la kontre ansanm. M ap sezi moman ane djanm sa a yo nan vi mwenn, san krent e san regrèt pou lavni a.”

Ni avan ak ni aprè m voye lèt sa a, mwenn te gen plizyè konvèsasyon avèk Troy. Aprè refleksyon, li te eksprime a menmenm yon gwo konsiderasyon pou l retounen kòm direktè Boston Latin Academy, kòmmanse nan ane lekòl 2018-2019 la. Li te ofri pou l ban mwenn yon desizyon fèm sou pwojè li yo l genyen pou lavni l nan mwa Desanm sa a k ap vini a, aprè l fin gen yon ti tan pou l fè yon ti refleksyon pwofon, pou l vwayaje e pou l pousuiv pasyon l yo.

Byenke l klè ke sa a se pa yon sikonstans ki konn abitye rive, mwenn konnen ke enpòtans travay li dirije yo nan Boston Latin Academy jiska jounen jodi a, e fason ekip anseyan yo ak kominote lekòl la estime l byen wo a, menen m a konsidere òf sa a avèk plis atansyon. E anplis, ekip dirijan yo Troy te met an plas la, pèmèt nou abilte sa a pou n konsidere tou pou n pran swen sa a yon lòt fason apa de jan nou konn abitye pran swen l la.

Pakonsekan, se avèk plezi mwenn anonse nominasyon Chimdi Uchendu, asistan direktè aktyèl Boston Latin Academy a, kòm direktè pwoviswa gran enstitisyon sa a. Troy, avèk tout jantiyès li, ofri pou l travay a tan pasyèl pou l bay Chimdi sipò nan nouvo wòl li sa a.

Chimdi, limenm, ki abite nan Roxbury, se youn ki se yon natif-natal Boston, se Lekòl Piblik Boston ki te fòme l, e l se yon ansyen elèv (alumnus) Boston Latin School. Li gen yon Bachelor Syans nan matematik ak yon metriz (“Master”) nan edikasyon ki sot nan inivèsite University of Massachusetts Boston. Kòm yon veteran edikatè avèk Lekòl Piblik Boston (BPS) pou 10-zan, li te kòmmanse karyè li an 2006, kòm yon pwofesè matematik, premyèman nan lekòl ki te rele Academy of Public Service la, epi aprè sa a nan lekòl Tech Boston Academy a.

An 2012, Chimdi te asepte yon wòl dirijan nan distri a kòm yon direktè pwogram matematik siperyè a. Ane aprè a, yo te nonmen l direktè matematik Boston Latin Academy, kote l t ap sèvi

nan pozisyon sa a pou dezan avan yo te nonmen l kòm asistan direktè an Septanm 2015, kote l te konn travay pwòch avèk Direktè Henninger sou amelyorasyon sa yo nou wè jiska jounen jodi a.

Tanpri jwenn avèk mwen pou n akeyi Chimdi nan nouvo wòl sa a, epi pou nou remèsye Troy pou direksyon devwe l kòm direktè nan Boston Latin Academy. Anba jerans li, li te reyèlman fòtifye objektif ansèyman lekòl egzamen sa a, li te restore ekla li, e li te mete l sou yon wout ekselans akademik kontinyèl. Atravè tan fonksyonman li, li te fè l yon misyon pou li pou l kiltive yon koneksyon pèsònèl avèk elèv yo ki djanm, ansanm avèk manm pèsònèl yo, ak fanmi yo.

An Desanm 2017 la, nou va pi klè sou direksyon jerans Boston Latin Academy. Si l ta nesèsè nan moman sila a, nou va reyini ansanm yon Komite Evalyasyon Direktè ki va responsab pou l rekòmande meyè kandida yo bay mwenmenm pou pozisyon direktè pèmanan lekòl la, selon pwosesis sa a ki detaye nan Sèkilè Sipèentandan an sou Pwosesis Evalyasyon pou Direktè a. Se Byensi, travay la va fèt an konsè avèk Kominote Boston Latin Academy a, e m va travay nan yon fason aktif pou m enfòme kominote BLA a sou pwofesis sa a.

Tanpri ou mèt konnen ke kominote Boston Latin Academy a gen tout sipò distri lekòl la dèyè l, pandan nou tout ap travay ansanm pou n asire siksè edikasyonèl tout elèv nou yo.

Sensè salitasyon,



Tommy Chang, Ed.D.
Sipèentandan